Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 20 (78021)
23 Май
Хамиз
2024 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Терроризм-экстренизм

## ГIолилал цIуниялъул мурадалда

Араб анкьалда Шамильхъалаялда бугеб районалъул культураялъулгун рекIел гъеялъул централда букIана «Терроризмалдегун экстренизмалде данде профилактикияб хIалтIи гIуцIи, гьелда данде чIеялъул хIалтIи билъанхъизаби»,- абураб темаялда кантIизариялъулаб семинар. Гьединал тадбирал гIуцIула профилактическияб хIатIул хIасил кьей букIинабиялъе, ишалъулал гIолилазул бичIчIи буголъи борхизабиялъе.

Форумалъул гIахьалчагIилъун рук1ана гьоркьохъел школазул цIалдохъабаздасан вакилзаби, мугIрул округалъул муниципалитетаздасан т1аса рищарал гIолилал.

ГIахьаллъаразда цере рахъана хадусел: Мух1амадов МухIамадов-Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул координационнияб централъул нухмалъулев, РДялъул терроризмалде данде чIараб комиссиялъул экспертнияб советалъул член. Гьесул аслияб тема букIана «Халкъияб информациялъул алатазул тIолгороссиялъул гIаданлъиялъулаб позиция гIолеб гIелалъулъ куцаялъе бугеб кIвар»,- абураб.





«Эксренизм терроризмалъул идеологиялъул рахъалъ интернеталдасан гьабулеб хIалтIуде данде чIей»,- абураб темаялда кIалъана СКФОялъул МВДялъул ГУялъул, ОИПЭДялъул кIудияв оперуполномоченный ХI. ГIабдулаев.

«Интерналдасан гIолеб гIел сверизабиялъе радикалиял цолъабаз пайда босулел къагIидаби»,-абураб темаялда кIалъана РДялъул гIолилазда гьоркьоб рухIиябгун гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъул рахъалъ консультант,РДялъул АТКялъул экспертнияб советалъул член, Россиялъул «Знание» обществалъул ректор Ш.Крумов.

«Мирный Дагестан» проекталдасан лъай кьеялъулаб презентация гьабуна РДялъул лъай кьеялъул тарбия кьеялъул рахъалъ специалист, РДялъул терроризмалде данде чIараб комиссиялъул член Гъ-М МухIумагъазиевас.

«Экстренизм-терроризмалъул идеологиялъул зараралде гIолилал кантIизариялъул рагъалъ проектнияб къагIидаялъ хIалтIи гIуцIи»,- абураб темаялда кIалъана Нижневартовскияб пачалихъияб университеталъул доцент, культурологиялде кандидат З. Целишева.

**Форум гIуцIарал ккола РДялъул гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул министерствагун цадахъ «Возрождение» социалиябгун экономикияб комерческияб гуреб организация.**



# Пайдаяб семинар



Араб анкьалда райадминистрациялъул актовияб залалда букIана лъай кьеялъул школазул, школалъул гIумроялде рахинчIезул организациязул, гьезул инструкторазул семинар. Гьенир гIахьаллъана хIалтIи гIуцIиялъул батIи-батIиял къагIидабазулъ ва къварилъи ккани данде кколарел рахъазул х1алт1и гьабулел г1адамал.

Тадбир гIуцIиялда тIад хIалтIана РДялъул ЧС цIалулгун методикияб центр. Аслиял чагIилъун гьенир цере рахъана РДялъул «УМЦ по ГО ЧС», ГБОУялъул хIалтIухъаби: Ш-И МуртазагIалиев, Э. ИдильсагIидова, А. Юсупов.

Спикераз чIван къотIун бихьизабуна хIинкъи бугел ишал ккани, кин гIадамал хвасар гьарилелали, лъималгун кин хIалтIилелали.

Аслияб къагIидаялъ кIвар кьун букIана цIа ккани гьеб свинабизе хIажатабщинаб бакIазда чIезабун букIине ккеялде ва иш тIаде кколез гьелъул къагIидаби лъазарун рукIине ккеялдеги. Къокъго абуни балагьал ишал ккани, цIодорго рукIиналде буссараб семинар гIахьаллъаразе пайдаяб куцалда ана.

Хъизаналъул сон

## ТIахьал цIализелъун



Хъизаналъул соналъул хIурматалда районалъул лъималазул библиотекаялда букIана «Дир хъизаналъул бокьулеб тIехь» абураб суратазулаб конкурс. Гьелъул аслияб мурад букIана лъималги эбел-эменги цIалдолеллъун гьари.

Конкурсалъул гIуцIарухъанлъун букIана Н.Юсуповалъул цIаралда бугеб Республикаялъул Пачалихъияб бюджеталъул учереждение.

Гьеб тадбиралда жигарал гIахьалчагIилъун рукIана районалъул лъималазул библиотекаялъул жигарал цIалдохъаби МухIамадгIалиевазул ва ХIайбулаевазул хъизанал.Конкурсалда киналго гIахьалчагIазе дипломал кьуна.

### Лъим чIезабиялъе

«УСЕЗ ва ЖКХ» МБУялъул начальникасул ишал тIуралев М. АсхIабгIалиевасул нухмалъиялда гъоркь, отделалъул хIалтIухъабаз цадахъ хал гьабуна Шамильхъалаялъул лъел хIоразул, насосазул, лъел системаялъул, гьел рукIалиде ккезариялъул суалазул. Аслияб кIвар буссинабуна гьоркьоб къотIич1ого лъим чIезабиялде, захIмалъаби ругел бакIазда хадуб хал ккевялде.



ДандчIвай

# Армиялде унезулгун дандчIвай



I4 маялда районалъул администрациялда букIана Россиялъул армиялде хъулухъ гьабизе ахIулел призывникалги гьезул эменалги ахIараб данделъи. Гьениб бугеб хIал бичIчIизабиялде буссараб кIалъай гьабуна бетIерасул зам. М. ХIамзатовас. Гьес бицана: Армиялде ин щивав бихьинчиясда тIадаб бугин, гьелъул магIна кколарин рагъулал ишал ругел бакIазде инлъун, тIадаб налъи тIубан нуж тIад руссиналде кIудияб божилъи бугин.

Гьенивго кIалъазе вахъана военкоматалъул хIалтIухъан Къ.ХIасратов.

Хадуб культураялъул хIалтIухъабаз данделъиялда гIахьаллъаразе ахIана кучIдул.

Нухал-яшавалъул аслу

# Баркала нух къачIаралъухъ

КIудияб санагIатбахъи букIана Унсоколо росдал гьабсагIаталда поликлиника бугеб бакIалдасан Казначействалъул ва полициялъул отделалде щвезегIан, хадубги километр гIечIеб нух бугеб «хазулъ» авалалъул гIадамазе. Цебегоялдаса нахъе гьенир нухал рукIалиде ккезарун рукIинчIо, цIад банщинахъе хъитIал рахъун, кIудияб квек1ен букIана рилъанхъулезе. Гьединаб заманалда гьеб нухдасан автомашинаги бачине ресги букIунароан.



Гьебги хIисабалдеги босун Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIмадовасулгун чанго нухалъ дандчIвай гьабуна араб соналда гьеб авалалъул гIадамаз. Гьелдаса хадуб бетIерас авалалде хасаб комиссия битIун бачIана, бугеб хIалги лъазабун,тадбирал гьаруна кIкIал-хъитIал гIемераб нухда бетон тIун хIалтIи гьабиялъе. Балагьана гьелъие данде кколеб программа ва тIуна рагIа-ракьанде щун бетон. Гьеб тIуна № 2 школалде унеб кIиябго нухдеги. Гьал къоязда гьенир хIалтIаби рагIалде рахъунел руго.

Нухал къачIан лъугIилалдего кIудияб рохел загьир гьабун, авалалъул мажгиталъуб мавлид гьабуна гьенир гIумро гьабулез. Жедерго рохел кIодо гьабизе гьез мавлидалъулъе ахIун рукIана росдал имам ва цогидал авалаздасан цо-цо тIаса рищарал гIадамал.

Бокьараб мехалъ машина бачине рес бук1инч1еб нижер авалалъул нух гIатIидго ва берцинго, киналго санагIалъигун буго жакъа. Ниж ричIчIаралъухъ, ишалъе данде вачIаралъухъ кIудияб баркала, Дуе, ХIурматияв ГI. НурмухIамадов!

Аллагьас сахлъи, рохел ва гьабулелда баракат лъураб, халатаб гIумро гьарула, Дуе!

**Авалалъул гIадамал.**

# ГЬИТIИЧАЗУЛ ГЪУДУЛ

**Лъалеб жо буго лъималазе тарбия кьей аслияб къаг1идаялъ эбел-инсуде т1аде кколеблъи. Гьеб ишалъулъ гьезие кумекчаг1илъун руго ясли-ахалъул тарбиячаг1и ва школалъул муг1алимзаби.**

**Гъоркьехун бицен гьабизе бокьун буго гьит1ичазе тарбия кьолезул х1акъалъулъ.**



1967 соналъ гьаюрай Мух1амадова Зарипат, Балахьуни росдал МК ДОУялъул «Звездочка»-6 ясли-ахикь х1алт1улей йиго 1994 соналдаса нахъе. Гьелъул т1оцеесей насих1атч1ужулъун йик1ун йиго Х1ажиева Рузмай, жакъа абуни Зарипат жийго ккола г1олохъанал тарбиячаг1азул насих1атч1ужулъун. З.Мух1амадовалъ ц1алун лъуг1изабуна Буйнакскиялъул педколледж. Гьаб соналъ гьелъ тарбия- лъай кьолеб ч1ах1иязул къокъаялда буго 25 лъимер.

Щибаб пачалихъиял ва диниял байрамазда хурхун ясли- ахикь Зарипатил нухмалъиялда гъоркь т1орит1ула бат1и-бат1иял ва пайдаял тадбирал. Гъваридаб лъаялъул, х1алимаб г1амал- хасияталъул Зарипат Аллагьасго гьит1ичазе тарбия кьезе йижарай г1адай г1адан йиго. Гьелъ к1удияб к1вар кьолеб буго гьит1ичазда авар ва г1урус мац1ал лъик1го малъиялде, гьел пикру гьабизе ругьун гьариялде. Зарипатил берги кверги щолареб бак1 гьеч1илан абуниги мекъи ккеларо. Масала, жиндицаго ургъараб сценкаги бихьизабун, гьелъ лъималазда цебе ч1езабуна Палестинаялъул лъималазул къваридаб къисматцин.

«Гьат1ан къо унарого, кидадай итни бач1инаян рак1гъоларого йик1уна дун, лъимал рихьизе рокьун»-ян бицана Зарипатица. Ясли- ахалъул заведующая Лейла Г1абдухаликъовалъ абуна: «Зарипатида т1ад баччун буго нижер ясли-ахалъул х1алт1и. Гьей йиго к1вах1 гьеч1ей, жавабчилъи ц1ик1к1арай тарбияч1ужу,-абун.

Машинаялъул «рак1» мотор батани, нижер коллективалъул рак1 Зарипатги йиго».Зарипатил к1удияб къадру-къимат буго коллективалда ва лъималазул эбел-инсуда гьоркьоб,-абула цадахъ х1алт1улез гьелъул х1акъалъулъ.

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ**

**Нижер мухбир**

Ахихъан

Районалъул газета
№ 20 (78021)
Хамиз
23 Май 2024 г

3 гъумер

# С а д о в о д




Страница в номере

**Внимание:**

# Телефонные мошенники



**Наиболее распространенным видом мошенничества стало мошенничество в сфере информационно-телекоммуникационных техно-логий или компьютерной информации.**

**Преступления в сфере информационных технологий включают как распространение вредоносных программ, взлом паролей, кражу номеров банковских карт и других банковских реквизитов, так и распространение противоправной информации через Интернет, а также вредоносное вмешательство через компьютерные сети в работу различных систем.**

**Телефонные мошенники-самая распространенная категория преступников. Иногда мошенничество выполняется старыми методами. Но нередко придумывают совершенно новые способы. Схемы телефонного мошенничества:**

**-Мошенничество с банковскими картами и счетами.**

**- Звонки от «служб безопасности» банков.**

**- Звонки от «сотрудников» правоохранительных органов и государственных служб.**

**- Звонки с подмененных номеров.**

**- Махинации со счетами мобильных телефонов.**

**- Сообщения о попавшем в беду родственнике и просьбы о помощи.**

**- Сообщения о выигрыше в лотерею.**

**ПОМНИТЕ, что есть данные,которые нельзя сообщать, не важно, кто звонит-телефонный мошенник или нет. Например, никогда не говорите по телефону свой CVC/CVV код, что указан на обратной стороне карты, не передавайте коды подтверждения, что отправляет банк через SMS. Никогда не разглашайте логин и пароль от персонального кабинета интернет-банкинга. Помните-сотрудники банка, никогда не будут спрашивать подобные данные.**

**Своевременное обращение в правоохранительные органы может помочь другим людям не попасться на незаконные уловки телефонных мошенников.**

**Помощник прокурора
Унцукульского района
Р.М. Мусаев**

## Замруководителя Администрации главы и правительства Дагестана Наип Сепиханов-участник президентской программы Времягероев».

Она запущена в России для участников СВО по поручению Владимира Путина. Цель программы — подготовить управленцев из бойцов СВО для органов государственной и муниципальной власти и госкомпаний. В отборе кандидатов исключен человеческий фактор, подобные тесты уже 7 лет проходят участники конкурса «Лидеры России». После оценки профессиональной годности бойцы пройдут обучение.

Участники отбора, которые не попали на тестирование, выполняя боевые задачи,могут сделать это в отпуске в филиалах президентской академии. Здесь начинают работу постоянно действующие пункты дистанционной оценки для участников отбора.

С 22 апреля ведется запись на тестирование в пунктах оценки Ростова-на-Дону и Симферополя. С 15 мая добавятся пункты еще в 43 городах.

Олимпиада

## «Моя семья в летописи республики»

XXV республиканская олимпиада по школьному краеведению на тему «Моя семья в летописи республики», посвященная Году семьи, прошла в ГАОУ ДО РД «Центр развития талантов «Альтаир».

Участники олимпиады представили свои исследовательские работы о семейных ценностях и традициях, которые они унаследовали от своих предков.

На защиту было представлено 32 доклада из 487, описывающих замечательных предков и их вклад в сохранение обычаев и традиций горцев Дагестана.

На олимпиаде участие приняла педагог СДЮТЭ Абдулаева Жамилат Камиловна с членом объединения «Юный краевед» Дахадаева Патимат Гасановна. Особое внимание было уделено героям-интернационалистам Дагестана, которые смело стоять на защите своей страны в разные времена. 9 из них были названы Героями России, что еще раз подчеркивает силу и мужество дагестанцев.

Такие мероприятия призваны способствовать укреплению семейных уз и формированию гордости за свои корни.




Результаты республиканской олимпиады по школьному краеведению.

Дахадаева Патимат Гасановна стала победителем XXV республиканской олимпиады по школьному краеведению на тему «Моя семья в летописи республики» и награждена диплом 1 степени.

## Дагестанские художники приняли участие в выставке «Южный модерн» в Пятигорске



В выставочном зале Пятигорского краеведческого музея открылась выставка «Южный модерн» шестого цикла межрегионального проекта Творческого союза художников России «Кавказ как теменос или святое подворье России».

Проект задуман как многолетний цикл, который средствами изобразительного искусства исследует и отражает современные процессы культуры на Кавказе. В экспозиции представлено 115 произведений живописи, графики, декоративно-прикладного искусства, скульптуры, фотографии 85 авторов.

В выставке приняли участие члены Дагестанского отделения Творческого союза художников России – заслуженный художник России, академик Российской академии художеств Абдулзагир Мусаев, заслуженный художник Дагестана Наталья Савельева, художники Дзерасса Гаглоева, Сефижат Керимова, а также народные художники Дагестана Юсуп Ханмагомедов и Тимур Мусаев, художники Инесса Цгоева и Габибулла Габибуллаев.Как отмечают кураторы выставки Елена Рубец и Любовь Ягушевская, в данном проекте термин «южный модерн» используется не в качестве художественного стиля «модернизм», а отражает период прохождения художниками постсоветского времени процессов, происходивших в мировом искусстве в прошлом веке. «Творчество художников Юга России отражает характерные черты присущие эпохе модерна. Эти особенности ярко отражены в творчестве южно-российских художников: Шалвы Бед-оева, Абдулзагира Мусаева, Олега Басаева, Юрия Абисалова и др. Эти мастера привнесли свой взгляд на направление модерн и он приобрел новое звучание, которое можно обозначить как “южный модерн”», – прокомментировали кураторы.

На открытии также выступил автор проекта – вице-президент Творческого союза художников России по Югу России, член Президиума Южного отделения Российской академии художеств Александр Рубец. Председатель Дагестанского отделения Творческого союза художников России Екатерина Дидковская рассказала собравшимся о художниках Дагестана – участниках выставки, а также передала в дар музею и Ставропольскому отделению ТСХР издания, посвящённые искусству республики.В открытии выставки приняли участие художники – члены ТСХР из Дагестана, Чеченской республики, республики Северная Осетия – Алания, Кабардино-Балкарии, Карачаево-Черкессии, Ставропольского и Краснодарского краев.Выставка продлится до 7 июля 2024.В 2024 году также планируется провести передвижные выставки проекта в Ессентуках, Невинномысске, Зеленокумске, Сочи, Армавире, Нальчике и Черкесске.

Летняя оздоровительная кампания

# Для счастливого детства

Отдел образования Унцукульского района доводит до сведения родителей, лиц, их заменяющих, и других заинтересованных граждан о начале подготовки к летней оздоровительной кампании 2024 года.

В целях летнего оздоровления и отдыха детей, в МО «Унцукульский район» будет функционировать два учреждения летнего отдыха и оздоровления детей, в том числе:

- Спортивно - оздоровительный комплекс «Сосна» круглосуточного пребывания детей, расположенный в местности «Ашильтинский лес» с охватом 900 детей в 3 смены;
- Детский спортивно - оздоровительный лагерь «Сокол», расположенный в с. Унцукуль Унцукульского района РД с охватом 450 детей в 3 смены.



В многофункциональном центре района идёт прием документов для получения путевок в детские лагеря:

1-я смена - с 6 мая 2024 года;
2-я смена - с 1 июня 2024 года;
3-я смена - с 3 июля 2024 года.

Для приемки готовности загородных оздоровительных учреждений создана районная межведомственная комиссия. Особое внимание уделяется организации отдыха и оздоровления детей участников СВО, детей, находящихся в трудной жизненной ситуации, детей членов НВФ, а также детей, состоящих на различных видах учета в органах и учреждениях системы профилактики безнадзорности правонарушений несовершеннолетних.

Педагогический состав детских оздоровительных лагерей подбирается из числа квалифицированных специалистов, имеющих практику работы в детских учреждениях.

Оздоровительная работа и обеспечение санитарно-эпидемиологического благополучия будет осуществляться квалифицированным медицинским персоналом. Весь персонал лагерей проходит медосмотр и гигиеническую аттестацию.

Для сведения родителей (лиц их заменяющих): заезд в детские оздоровительные лагеря осуществляется точно в обозначенный день, запрещается временный выезд детей в течение смены и проведение «родительских дней».

При заезде в лагерь у ребенка должны быть следующие документы:

- Копия свидетельства о рождении или паспорта;
- Копия медицинского полиса;
- Справка об отсутствии контакта с инфекционными больными за 3 дня;
- Сведения о прививках, перенесённых заболеваниях, в том числе инфекционных (форма 079/у);
- Медицинская справка об отсутствии контакта с инфекционными больными, в течение 21 дня до момента заезда (форма 079/у).

По вопросам организации летней оздоровительной кампании на территории МО «Унцукульский район» организована «горячая линия» - тел.: **8 988 424-06-60.**

Создание комфортных условий для проживания детей в лагерях – одна из наших основных задач.

## Лъазаби

I996 соналда Шамильхъалаялъул лъай кьеялъул школа лъугIун ГIисаев ХIабиб МухIамадовичасул цIаралда кьураб А сериялъул № 0268470 бугеб Аттестат тIагIун буго.

Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

***

2005 соналда Рихьуни росулъа гьоркьохъеб школа лъуг1иялъул лъай рахъалъ МухIамадова Пари МухIамадовалъул цIаралда кьураб Б сериялъул № 369033I бугеб Аттестат тIагIун буго.

Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

## Памятка по правилам пожарной безопасности при эксплуатации автотранспорта



**Уважаемые автовладельцы!**

Одним из важных требований безопасной эксплуатации автомобилей является соблюдение водителем требований пожарной безопасности.

Пожары в автомобилях быстротечны и предоставляют большую опасность для водителей и пассажиров. Анализ пожаров в автомобилях показывает, что наиболее частой причиной их возникновения являются короткое замыкание при неисправности электрооборудования. Короткое замыкание происходит в результате нарушений изоляции электропроводки и из-за неисправности электрооборудования. Профилактика и предупреждение коротких замыканий заключается в правильном монтаже и эксплуатации электропроводки и электрооборудования. При перегрузке электросети возникают токи, намного превышающие допустимые. Чтобы избежать перегрузок не допускайте подключение дополнительного электрооборудования с потребляемой мощностью, превышающей мощность предусмотренную проектом. Опасны в пожарном отношении значительные переходные сопротивления, возникающие в местах соединения проводов, присоединения их к выключателям, розеткам, щиткам, электроприборам. Провод в месте контакта с большим переходным сопротивлением может нагреться до температуры воспламенения изоляции. Надежность контакта обеспечивается опрессовкой, пайкой или специальными зажимами, снабженными пружинящими шайбами. Только повышенная ответственность каждого владельца индивидуального транспортного средства за соблюдением правил пожарной безопасности собственного автомобиля исключает возможность возникновения пожаров. Если ваш автомобиль загорелся, необходимо: не разгонять автомобиль; немедленно остановиться в любом подходящем месте; поставить машину на «ручник»; заглушить двигатель; определить очаг возгорания и начать процесс тушения; если потушить пламя не удается, вызвать пожарных (112 – с мобильного телефона). В СЛУЧАЕ ДТП НЕОБХОДИМО НЕЗАМЕДЛИТЕЛЬНО СНЯТЬ КЛЕММЫ С АККУМУЛЯТОРА, так как провода, зажатые деталями при столкновении, могут нагреваться в течение очень длительного времени (зачастую машина вспыхивает через 10 минут после аварии).

**Эксплуатация автомобилей с ГБО:**

На автомобиле, оборудованном ГБО, запрещается: - эксплуатация транспортного средства с истекшим сроком газового баллона;

- работа двигателя при неисправном газовом оборудовании и наличии утечек газа;
- заниматься ремонтными работами при наличии газа в системе питания;
- ставить автомобиль с неисправным ГБО в закрытое помещение; - заводить двигатель, въезжать и выезжать из гаража на газе;
- находиться при заправке ГБО около газонаполнительного шланга.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 23. 05. 2024г.
15 . 55
фактически -17 . 30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.